Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI BONÈ SEZON KAN NAN WATKINS GLEN STATE PARK POU AKEYI FANATIK NASCAR YO

Yo envite fanatik yo nan kan popilè Finger Lakes pou wikenn Fèt Manman an pandan kous NASCAR Cup Series la

Gouvènè Kathy Hochul anonse ke Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la pral ouvri sezon kan an nan Watkins Glen State Park nan kòmansman prentan pwochen an pou akeyi fanatik kous yo nan zòn Finger Lakes la. Kous NASCAR Cup Series 2026 la ap fèt pandan wikenn Fèt Manman an, olye dat tradisyonèl li nan mwa out.

"Akeyi NASCAR ankò nan Watkins Glen International Raceway ki renome nan Nouyòk la gen anpil valè pou eta a ak rejyon an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan preparasyon pou evènman an, nou pral ouvri Pak Eta Watkins Glen pou moun ki vle fè kan pandan wikenn Fèt Manman an. Nou kontan paske nou pral resevwa plizyè milye vizitè k ap mete motè yo an mouvman pou twa kous nasyonal ki pral fèt sou pis ki gen renome sa a."

Kous la ki pote non "Go Bowling at the Glen" pwograme pou dimanch 10 me 2026, jou Fèt Manman an. Chanjman sa a nan kalandriye a, ki soti nan dat tradisyonèl mwa out, ap ede repatisyon kous la sou pis yo pi byen pandan tout
sezon an. Evènman an pral gen touletwa seri nasyonal yo soti 8 rive 10 me sou sikwi 4 km (2.45 mil) la.

Komisè Pwovizwa Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk la, Kathy Moser, te deklare, "Kous NASCAR ap fè yon arè bonè atravè wout yo nan Eta Nouyòk, epi Pak Eta Watkins Glen lan pare pou akeyi aksyon an. Sa pral make kòmansman yon gwo sezon touris ak aktivite lwazi an deyò pou Pak Eta Watkins Glen lan. Mèsi ekip nou an nan Rejyon Finger Lakes la pou planifikasyon ak preparasyon ak tout sa ki gen rapò ak wikenn kous nan Watkins Glen lan."

Pak Eta Watkins Glen lan pral ouvri kounye a de nan sikwi kan li yo, apeprè 100 sit ak elektrik, soti 8 rive 10 me. Rès zòn kan an pral louvri nòmalman nan wikenn k ap vini an. Rezèvasyon yo ap disponib soti lendi 27 oktòb a 9 a.m. Yo atann plas ki disponib yo

ap ranpli rapidman. Vizite paj Reserve America sou sitwèb Pak Eta Nouyòk la oswa rele gratis nan 1-800-456-CAMP.

Prezidan Watkins Glen International, Dawn Burlew, te deklare, "Fanatik kous yo vin an kantite nan zòn Watkins Glen nan, pa sèlman pou aksyon enteresan sou pis la, men tou pou bote ak mèvèy natirèl rejyon an. Nou apresye dèske Pak Eta Watkins Glen pral ouvri sezon 2026 li pi bonè pou akeyi fanatik k ap vini pou wikenn kous NASCAR la, soti 8 rive 10 me. Sa pral pèmèt fanatik yo ak ekip kous yo gen opòtinite pou vrèman jwi tout sa Watkins Glen gen pou ofri pandan vizit yo."

Direktris Egzekitif Chanm Komès Zòn Watkins Glen, Nigar Hale, te deklare, "Nou retire chapo nou devan Pak Eta Watkins Glen – paske sa se yon egzanp ekstrawòdinè nan konfyans ak kredi Chanm nan genyen nan repons Pak Eta a pou chanjman nan kalandriye NASCAR la. Nou felisite yo pou preparasyon bonè yo ak atansyon yo mete sou ouvèti kan an nan moman sezon prentan sa a, paske yo konprann enpòtans pou asire fanatik NASCAR yo gen opòtinite pou yo dekouvri mèvèy natirèl nou an."

Wikenn kous NASCAR a ap akeyi ankò NASCAR Cup Series, NASCAR O'Reilly Auto Parts Series, ak NASCAR CRAFTSMAN Truck Series.

Anba a se dat kous NASCAR 2026 yo nan Watkins Glen International:

- Vandredi 8 me – Kous NASCAR CRAFTSMAN Truck Series
- Samdi 9 me – NASCAR O'Reilly Auto Parts Series Mission 200 nan The Glen
- Dimanch 10 me – NASCAR Cup Series Go Bowling nan The Glen

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) nan Eta Nouyòk
Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, epi li akeyi plis pase 88 milyon vizitè chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite parks.ny.gov, telechaje aplikasyon NY State Parks Explorer la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Konekte avè nou sou Facebook, Instagram, X, LinkedIn, Blòg OPRHP oswa atravè Sal Nouvèl OPRHP.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU